

# FÒM KONSANTMAN – POU BAY NON AK ENFÒMASYON PÈSONÈL POU LÒT MOUN

(Tanpri ekri an lèt detache oswa tape, sof pou liy kote pou mete siyati ou)

Non Ou: \_\_\_\_\_

Non Lekòl oswa Lòt Enstitisyon Ou Fè Plent Sa a Kont Li a: \_\_\_\_\_

- Fòm sa a mande ou si Biwo pou Dwa Sivil [Office for Civil Rights (OCR)] ka divilge non ou ak lòt enfòmasyon pèsonèl ou yo. Lè OCR decide divilge non ou ak lòt enfòmasyon pèsonèl ou, sa ap ede nou nan ankèt n ap fè, epitou sa ap ede nou rezoud plent ou.
- Pa egzanp, pou decide si yon lekòl te pratike diskriminasyon kont yon moun, OCR souvan bezwen divilge non moun nan ak lòt enfòmasyon pèsonèl li ba anplwaye ki nan lekòl la pou verifye done yo oswa pou jwenn lòt enfòmasyon. Lè OCR fè sa, OCR vle fè anplwaye yo konnen yo gen entèdiksyon pou fè tout fòm vanjans kont moun nan ak lòt moun ki gen rapò avèk moun nan. OCR ka divilge non moun nan ak enfòmasyon pèsonèl li pandan n ap fè entèvyou avèk temwen epitou pandan n ap konsilte avèk espè yo.
- Si OCR pa gen pèmisyon ou pou divilge non ou ak enfòmasyon pèsonèl ou jan sa dekri anwo a, OCR ka decide fèmen plent ou si OCR detèmine li nesèsè pou divilge non ou oswa enfòmasyon pèsonèl ou pou nou kapab decide si lekòl la te pratike diskriminasyon kont ou.

**NÒT:** Si ou fè yon plent nan OCR, OCR kapab divilge sèten enfòmasyon sou plent ou ba laprès oswa ba piblik jeneral la, tankou non lekòl la oswa non enstitisyon an; dat ou te fè plent ou; kalite diskriminasyon ou endike nan plent ou; dat nou te rezoud, anile oswa fèmen plent ou; rezon prensipal ki fè OCR te pran desizyon an; oswa lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak plent ou. Nenpòt enfòmasyon OCR divilge ba laprès oswa ba piblik jeneral la p ap gen non ou oswa non moun ou te fè plent lan sou non li a.

**NÒT:** OCR egzije ou pou bay repons pou enfòmasyon li mande ou yo. Si ou pa kolabore avèk ankèt OCR ak aktivite n ap fè pou rezoud plent ou sa kapab lakòz nou fèmen plent ou.

## Tanpri siyen seksyon A oswa seksyon B (men pa toulède seksyon yo) epi retounen li nan OCR:

- Si ou te fè plent lan sou non tèt ou, ou ta dwe siyen fòm sa a.
  - Si ou te fè plent lan sou non yon lòt moun patikilye, se moun sa a ki ta dwe siyen fòm sa a.
- EKSEPSYON:** Si ou te plent lan sou non yon moun patikilye ki poko gen laj 18 tan oswa ki se yon adilt tribinal deklare enkonpetan, se paran oswa responsab legal moun sa a ki dwe siyen fòm sa a.
- Si ou te fè plent lan sou non yon gwoup moun, alapas nenpòt moun patikilye, ou ta dwe siyen fòm nan.

A. Mwen **bay** OCR konsantman mwen pou divilge idantite mwen (ak idantite timoun minè mwen/timoun ki sou titèl mwen ki gen plent ki fèt sou non li) ba lòt moun pou fè avanse ankèt ak aktivite egzekisyon OCR.

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Dat la

**OSWA**

B. Mwen **pa** bay OCR konsantman mwen pou divilge idantite mwen (ak idantite timoun minè mwen/timoun ki sou titèl mwen ki gen plent ki fèt sou non li) ba lòt moun. Mwen rekonèt OCR ka gen pou fèmen plent mwen.

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Dat la

Anba menas sanksyon pou fo temwayaj, mwen deklare se vrè ak kòrèk mwen se moun ki gen non ki endike anwo a; epi, si plent lan fèt sou non yon timoun minè/yon timoun ki sou titèl, mwen se paran oswa responsab legal moun nan. Deklarasyon sa a aplike sèlman pou idantite moun yo epi li pa gen pou wè ak okenn reklamasyon ki endike nan plent lan.

Modifikasyon an fèt nan mwa avril 2014